



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL TE REJWENN OTORITE ENÈJI NOUYÒK LA, LIDÈ TRAVA AK MENDÈV YO POU YON TABLEWONN POU DISKITE SOU OGMANTE FÒS MENDÈV NIKLEYÈ AVANSE A NAN NOUYÒK

Diskisyon tablewnn lan te eksplore fòmasyon, aprantisaj ak lòt opòtinite pwogram pou ekipe fòs mendèv Eta a pou satisfè apèl Gouvènè Hochul la pou Otorite Enèji a konstwi pwodiksyon enèji nikleyè avanse nan Nò Eta Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konvokasyon yon tablewonn sou mendèv enèji nikleyè avanse nan vil Nouyòk. Evènman an, ki te òganize pa Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority, NYPA), te reyini lidè ki soti toupatou nan Nouyòk, Etazini ak Kanada pou yon diskisyon anime sou lavni mendèv nikleyè a ak opòtinite pou akselere pwogram fòmasyon ak aprantisaj pou sipòte ekspansyon travay yo prevwa nan sektè enèji nikleyè a.

"Pandan Eta Nouyòk ap elektrifye ekonomi li an epi kontinye atire gwo fabrikan ki kreye travay ki byen peye, nou dwe adopte yon politik enèji abondan ki santre sou endepandans enèji ak sekirite chèn apwovizyonman pou asire Nouyòk kontwole avni enèji li a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa kòmanse ak enèji nikleyè pou benefis tout Nouyòkè yo. Nou dwe kòmanse efò a kounye a pou asire nou gen yon mendèv ki byen antrene e ki pare pou travay lè nou kòmanse konstwi epi opere yon santral nikleyè. Lè nou travay an kolaborasyon avèk edikatè yo, travayè yo, endistri a ak lòt moun ki gen enterè, nou ka adapte solisyon devlopman mendèv nou yo pou pi byen satisfè bezwen eta a pou jenerasyon sa a ak odela."

Nan mwa jen ane sa a, Gouvènè Hochul te franchi yon gwo pa nan avanse avni enèji Nouyòk la lè li te [mande Otorite Enèji a pou devlope omwen yon nouvo enstalasyon enèji nikleyè](#) ki gen yon kapasite konbine pa mwens pase 1 jigawat elektrisite. Tablewonn sou mendèv enèji nikleyè avanse a, ki te fèt yon ane apre [Somè sou Ekonomi Enèjetik Alavni](#) (Future Energy Economy Summit) la, te eksplore estrateji pou ranfòse mendèv ki nesèsè pou fè avanse anbisyon nikleyè Nouyòk la.

Nan tablewonn ki te fèt nan biwo li nan Vil Nouyòk, Gouvènè Hochul te mande lidè yo pou yo travay ansanm sou inisyativ ki mennen nan peyi a pou pote travay ki byen peye nan Nouyòk. Otorite Enèji Nouyòk la te òganize tablewonn nan, epi li te gen ladan kontribisyon lidèchip ak anplwaye ki soti nan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta

Nouyò (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman, Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), Enstiti Enèji Nikleyè (Nuclear Energy Institute, NEI), Pwodiksyon Enèji Ontario (Ontario Power Generation, OPG), Fratènite Entènasyonal Travayè Elektrik (International Brotherhood of Electrical Workers, IBEW), ak Sendika Entènasyonal Travayè Amerik Dinò (Laborers' International Union of North America, LIUNA). Patisipan yo te diskite sou wòl yo nan devlopman mendèv nikleyè a epi yo te eksplòre inisyativ kolaborasyon nan edikasyon, fòmasyon ak lòt bezwen kritik pou amelyore konpetans ak devlope mendèv nikleyè a nan Eta Nouyòk.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll te deklare, "Gouvènè Hochul trase yon chemen pou lavni enèji pwòp, epi NYPA angaje pou fè pati pa l pou fè l reyisi. Nou konnen ke bati ak opere enstalasyon nikleyè avanse mande yon mendèv estratejik ki gen ladan atizan, operatè, enjenyè ak espesyalis sekirite. Li enpòtan pou nou kòmanse travay sa a kounye a pou nou ka satisfè demand alavni yo—nou kontan fasilite dyalòg ant moun ki gen enterè nan domèn nikleyè ak devlopman mendèv la pou asire yon avni serye e san emisyon pou Nouyòkè yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta Nouyòk, Rory M. Christian, te deklare, "Gouvènè Hochul pataje vizyon li pou yon ekonomi enèji pwòp ki gen ladan l enèji nikleyè epi Depatman an kontan kapab patisipe nan fè vizyon sa a tounen yon reyalyte. Nou ap atann pou n travay avèk tout pati yo pou ede kreye yon ekonomi san emisyon pou Eta Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la (New York State Research and Development Authority), Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA konprann ke bati yon mendèv kalifye esansyèl pou fè pwogrè nan lavni enèji pwòp Nouyòk la e kounye a se moman pou etabli Eta a kòm sant fòmasyon mendèv nasyonal nan endistri nikleyè a.. Avèk eksperyans nan sipòte fòmasyon pou plis pase 180,000 Nouyòkè atravè sektè enèji pwòp la, nou pare pou kolabore ak patnè nou yo atravè ajans eta yo, endistri yo, ak kominote yo pou fè menm bagay la tou pou enèji nikleyè avanse ak objektif pou asire travayè yo prepare pou pran travay sa yo epi ke kominote lokal yo reyalize benefis alontèm pwojè nikleyè yo."

Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare, "Enèji nikleyè a pa sèlman pral bay kay ak biznis nan tout eta a enèji, men li pral kreye tou nouvo karyè enteresan. Atravè Aprantisaj Anrejistre yo, Pwogram Anbasadè Pwofesè nou an, ak patenarya avèk biznis yo, Depatman Travay Eta Nouyòk la pare pou fòme mendèv la ki pral ede sektè k ap grandi sa a pwospere. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li mennen Eta Nouyòk nan direksyon yon avni ki solid ekonomikman e ki responsab sou plan anviwònman an."

Chanselye SUNY John B. King Jr. te deklare, "Pandan Gouvènè Hochul ap mennen Eta Nouyòk nan direksyon opsyon enèji renouvlab pwòp pou lavni, SUNY fyè pou l kontinye sèvi kòm yon motè devlopman mendèv ak mobilite asandan. SUNY kontan

patisipe nan tablewonn jodi a epi pou l asosye avèk lidè kominotè yo, lidè travayè yo, ak lidè endistri yo pou prepare elèv nou yo pou karyè ki gen gwo demann, soti nan sètifika teknisyen rive nan diplòm avanse ki nourri rechèch inovan sou enèji."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon Eta Nouyòk la, Gary LaBarbera, te deklare, "Devlopman nikleyè gen potansyèl pou kreye plizyè milye karyè sendika ki sipòte fanmi yo, sa ki pral enspire estimilis ekonomik nan kominote lokal yo epi bay plis Nouyòkè ki travay di opòtinite pou yo aksede ak echèl klas mwayèn nan. Ekspansyon enèji nikleyè a se pyès ki manke nan pouswit objektif Nouyòk pou limite polyan danjere yo, diminye depans enèji, bati mendèv enèji pwòp la, epi finalman etabli yon ekonomi vèt. Nou felisite Gouvènè Hochul ak Otorite Enèji Nouyòk la paske yo reyini lidè ki soti nan tout endistri yo pou diskite sou etap enpòtan nou dwe pran pou atenn objektif sa yo."

Vincent Albanese, Direktè Politik ak Zafè Piblik pou Fon Òganizasyon Ouvriye Eta Nouyòk, te deklare, "Pandan Nouyòk ap trase chemen li pou yon avni enèji pwòp, nou pa ka neglije motè tranzisyon sa a—mendèv sendika nou yo. Enèji nikleyè se yon liy sovtaj ekonomik, epi tablewonn sa a—ak investisman nan enèji nikleyè avanse li enspire yo—reprézante yon moman pou investi ni nan rezo elektrik nou an, ni nan mendèv nou an, ni nan klas mwayèn nan."

Reprezantan Entènasyonal Devlopman Zafè International Brotherhood of Electrical Workers (IBEW) la, ki se Edwin Hill, Jr., te deklare, "Manm IBEW yo te bay Nouyòk enèji pandan plis pase yon syèk, epi nou pare pou ede mennen eta a nan pwochen epòk enèji pwòp ak fyab. Pandan Gouvènè Hochul ap mande devlopman enèji nikleyè avanse nan Nò Eta Nouyòk, nou rekonèt ke bati mendèv la pou sipòte li enpòtan menm jan ak bati teknoloji a li menm. Tablewonn jodi a reflète yon angajman pataje—ki soti nan men travayè yo, gouvènman an, ak edikasyon an—pou investi nan aprantisaj sendika ak pwogram fòmasyon ki pral prepare pwochen jenerasyon travayè kalifye yo pou fè fas ak moman sa a. Enèji nikleyè dwe fè pati yon estrateji enèji ki gen tout sa ki anwo yo, epi IBEW fyè pou ede fè sa tounen yon reyalite."

Doktè Shekhar Garde, Doyen Enjenyè nan Rensselaer Polytechnic Institute (Enstiti Politeknik Rensselaer) la, te deklare, "Pandan elèv nou yo ap prepare pou karyè nan domèn elektrik ak enèji pwòp alavni, RPI kontan kolabore ak Gouvènè Hochul, Otorite Enèji a ak lidè nan plizyè endistri pou asire ke lavni an gen ladan devlopman nikleyè avanse nan Nouyòk. Avèk rechèch ak edikasyon nan nivo mondyal nan jeni nikleyè, RPI ap tann ak enpasyans pou ede satisfè bezwen mendèv reyon nou an epi fòme jaden enèji demen an."

Robert B. Catell, ki se Prezidan, Sant Rechèch Enèji ak Teknoloji Avanse (Advanced Energy Research and Technology Center, AERTC) nan Stony Brook University, te deklare, "Avni endistri enèji a gen anpil defi, men li ofri tou opòtinite enteresan pou amelyore kalite lavi moun yo epi bay yon kantite opòtinite travay ki gen gwo kalite. Avèk desizyon Gouvènè Hochul pou konstwi enèji nikleyè avanse nan Nouyòk, mendèv nou an ap bezwen plis moun ki gen konpetans enfòmatrik, konesans

sou entèlijans atifisyèl, ak kapasite teknik pou enstale epi kenbe nouvo pwogrè nan teknoloji. Nou paka tann pou nou kontinye dyalòg nou an avèk Otorite Elektrisite a, manm tablewonn nan, edikatè yo ak patnè enèji yo atravè eta a. Stony Brook University ak AERTC angaje yo pou avanse solisyon inovan ki pral fòme avni endistri enèji a."

Erin Hultman, Vis Prezidan Presipal ak Direktè Finansye Enstiti Enèji Nikleyè a, te deklare, "Santral nikleyè yo se motè ekonomik pou kominote yo, yo kreye travay dirab ki byen peye pou moun ki soti nan plizyè domèn ak nan diferan nivo edikasyon. NEI fyè pou sipòte Gouvènè Hochul ak Otorite Enèji a pandan y ap avanse règleman ak inisyativ ki pral kondwi mendèv enèji pwòp Nouyòk ak peyi a bezwen an."

Prezidan Carey Health Solutions, Donald Carey, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul la, Nouyòk ap fè eksperyans yon momantòm ekonomik san parèy, k ap vin yon lidè nasyonal nan inovasyon, kreyasyon djòb, ak envestisman transfòmasyon. Jan tablewonn jodi a te montre, nou bezwen yon patenarya estratejik avèk travayè yo, edikasyon an, ak devlopman mendèv la pou nou fè vizyon Gouvènè a avanse, satisfè bezwen enèji k ap grandi yo epi sipòte objektif klima, ekonomik ak dirabilite Nouyòk yo."

Kofondatè Nuclear NY Isuru Seneviratne, te deklare, "Pou yon tranzisyon enèji pwòp reyisi, li dwe avantajè pou travayè ki responsab pou reyalize li yo. Sa vle di amelyore kalite travay ak salè travayè konbistib fosil aktyèl yo, tout pandan y ap kreye nouvo opòtinite ki soutni kominote a. Nou bat bravo pou lidèchip tablewonn mendèv nikleyè avanse a demontre a epi n ap kontinye sipòte efò Gouvènè Hochul pou devlope enèji nikleyè nan Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Ontario Power Generation Ian, Nicolle Butcher, te deklare, "Avèk plizyè dizèn ane k ap opere pwodksyon enèji nikleyè san danje, jiridiksyon yo pral nan direksyon Ontario pandan l ap fè pwogrè nan nouvo enèji nikleyè. OPG kontan travay avèk eta Nouyòk pandan y ap bati yon sektè enèji nikleyè ki pwospere."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)